

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Karya sastra nya éta bagian tina kasenian. Kasenian téh salasihiji unsur tina kabudayaan anu ngandung kaéndahan (éstétis). Salian ti ngandung ajén-inajen, karya sastra bisa nimbulkeun rupa-rupa rasa jeung ngandung mangpaat nu bisa mangaruhan jiwa ka nu macana.

Sastra Sunda diwengku ku tilu klasifikasi, nya éta wangun (wujudna), warna (waktu/mangsa sastra gelarna), jeung wanda (média nu dipaké). Wangun karya sastra nya éta puisi, prosa, jeung drama. Warna karya sastra Sunda nya éta jinis karya sastra dumasar kana waktu gelarna, nya éta heubeul jeung anyar. Wanda karya sastra Sunda mangrupa jinis karya sastra dumasar kana cara nepikeunana nepi ka ngawujud médiana. Wanda karya sastra Sunda nya éta lisan jeung tulisan.

Tina wangunna puisi téh nya éta karangan anu basana dirakit pinuh ku wirahma, kauger ku wangun jeung diksi, ogé ungkara kalimahna henteu lancaran (henteu cara basa sapopoé). Tina warnana puisi Sunda aya nu disebut puisi buhun jeung puisi modérn. Tina wandana puisi Sunda aya nu gelar dina mangsa heubeul jeung mangsa modern. Tina wujudna puisi Sunda aya nu ngawujud: (1) carita, kayaning pantun jeung wawacan; (2) lain carita, kayaning: mantra, kakawihan, sair, jeung pupuh (Isnendes, 2010:21-22).

Puisi mantra kaasup kana puisi buhun wangun ugeran, sanajan teu matok aturanana atawa teu ditangtukeun guru laguna, guru wilanganana, jeung jumlah padalisan dina unggal padana.

Rupa-rupa puisi mantra nya éta: asihan, kemat, pélet, gendam, jangjawokan, ajian, singlar, rajah, jampé, pamaké, teluh, pangabaran, piwuruk, wisaya, nu kabéhna mangrupa puisi magis (Rusyana, 1970:1).

Egi Praja Septian, 2013

STRUKTUR PUISI MANTRA DI DÉSA PANGULAH SELATAN KACAMATAN KOTABARU KABUPATEN KARAWANG PIKEUN BAHAN AJAR MACA DI SMA KELAS X

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Mantra aya anu disebut mantra bodas 'putih' (*whitemagic*) jeung hideung (*blackmagic*). Mantra bodas biasana dipaké pikeun média tatamba nu positif, sedengkeun mantra hideung pikeun média tatamba nu négatif. Sangkan éta mantra téh dipibanda ku hiji jalma kudu nyumponan *sarat* anu ditangtukeun, miboga mantra biasana kudu nyumponan sarat nya éta ku cara 'meuli' (Isnendes, 2008:4-5).

Mantra kaasup wangun puisi bébas anu ngandung kakuatan gaib nu dipakéna tara sagawayah. Dina mantra aya purwakanti jeung wirahma, nepi ka éndah diunikeunana. Ugeran atawa aturan puisi dina puisi mantra bakal karasa nalika dibacakeun atawa dipapatkeun. Maksudna sangkan bisa ngagunakeun kakuatan gaib pikeun ngahontal hiji tujuan. Nilik tujuan anu baris dihontalna, mantra téh bisa dibagi dua golongan, nya éta (1) mantra pikeun kasalametan jeung kamaslahatan, upamana waé pikeun ngubar anu gering atawa pikeun ngajaga kebon tina gangguan hama, (2) mantra pikeun ngabinasakeun anu lian, upamana waé teluh (Koswara, 2011:66).

Rusyana nyindekkeun yén tina rupa-rupa mantra téh digolongkeun jadi genep, nya éta: (1) jangjawokan; (2) asihan; (3) ajian; (4) rajah; (5) singlar; jeung (6) jampé.

Nurutkeun Isnendes (2008-4), mantra digolongkeun kana tilu kritéria, nya éta: 1) tujuan dipakéna mantra, 2) mahluk lemes nu disambat, jeung 3) sarat-sarat mibanda mantra. Pikeun mikanyaho fungsi/kagunaanna mantra aya *Mahluk lemes* (ML) nya éta saha nu disambatna. Aya dua golongan mahluk lemes nu disambat, nya éta ML tina pangaruh Islam jeung ML tina non Islam. Tina éta kelompok dibagi deui jadi a) ML dianggap hade; sok nulungan manusa, b) ML nu dianggap jahat; nyusahkeun jeung ngaganggu manusa.

Mantra minangka hiji génré sastra nu mucunghul ti mangsa heubeul (Isnendes, 2008:7). Masarakat anu di lembur masih kénéh loba anu ngagunakeun dukun tibatan ka dokter dina ngubar anu gering. Contona budak gering harééng, kolotna teu mawa éta budak ka dokter tapi mawa budak ka dukun/kasepuhan. Éta dukun téh ngubaranna ku média cai hérang anu dibarengan ku

mantra (téks) jampé atawaajian, tuluy caina diinumkeun ka anu gering. Tapi, kiwari mantra geus teu dipikawanoh ku masarakat, utamana ku barudak ngora, ku kituna éta mantra bisa tumpur lantaran masih réa puisi mantra anu can dikumpulkeun jeung ditalungtik. Padahal mantra mangrupa budaya tina wangun karya sastra lisan anu dipiboga ku masarakat daérah kitu deui urang Sunda. Ku kituna, kudu ditarékahan sangkan éta mantra teu tumpur di masarakat.

Mantra téh mangrupa sastra daérah anu kudu diriksa jeung dimumulé. Salah sahiji tarékahna ku cara ngayakeun panalungtikan. Hal ieu saluyu jeung Garis-garis Besar Haluan Negara (GBHN) dina ketetapan MPR Nomer IV/MPR/1978, nu nandeskeun yén:

“Kebudayaan Indonésia yang mencerminkan nilai-nilai luhur bangsa harus terus dipelihara, dan dikembangkan guna memperkuat penghayatan dan pengalaman Pancasila, meningkatkan kualitas hidup, memperkuat kepribadian bangsa, mempertebal rasa harga diri, dan kebanggaan nasional, memperkokoh jiwa dan kesatuan bangsa, serta mampu menjadi penggerak bagi perwujudan cita-cita bangsa di masa depan”.

Patali jeung bahan pangajaran di sakola, ngajarkeun puisi aya dina pangajaran kaparigelan maca. Maca minangka aspék utama anu perlu dimekarkeun. Pangajaran maca puisi di SMA diakomodir di kelas X dina SK 10.3 KD 10.3.2. Pangajaran maca miboga tujuan sangkan siswa resep kana maca, média nu dipaké biasana ku média carita. Tangtu baé dina pangajaran maca, bisa ku cara diajarkeun rupa-rupa karya sastra, di antarana ngajarkeun puisi. Ku kituna, puisi dianggap penting dina pangajaran maca lantaran bisa ngahudangkeun karesep jeung kamampuh siswa dina maca.

Ngeunaan puisi mantra, geus aya nu nalungtik di Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah, ieu béréndélanana.

1. *“Puisi Mantra pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra Sunda di SMP”*, ku Lina Herlinawati (1997);

2. “*Analisis Puisi Mantra di Kecamatan Nagrak Kabupatén Sukabumi*”, ku Retty Isnendes (1998);
3. “*Inventarisasi Puisi Jangjawokan di Kampung Anggacarang Kecamatan Bojongloa Kidul Kota Bandung pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SLTP*”, ku Kiki Maria Hodijah (2003);
4. “*Analisis Puisi Mantra di Désa Malati Kecamatan Naringgul Kabupatén Cianjur*”, ku Dadang Gunawan (2004).
5. “*Puisi Mantra di Kampung Ciareuleu Kecamatan Cikajang Kabupatén Garut*”, ku Aneu Nurlela (2008).

Tina sawatara judul di luhur can aya nu nalungtik perkara mantra di Désa Pangulah Selatan Kecamatan Kotabaru Kabupatén Karawang, padahal di éta Desa téh réa kénéh mantra nu hirup di masarakat. Ku kituna, panalungtikan nu judulna “*Struktur Puisi Mantra di Désa Pangulah Selatan Kecamatan Kotabaru Kabupatén Karawang pikeun Bahan Ajar Maca di SMA Kelas X*” perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Kiwari puisi mantra geus kurang dipikawanoh ku generasi ngora, lantaran masih loba puisi mantra anu can kakumpulkeun jeung ditalungtik, sedengkeun puisi mantra téh kaasup sastra lisan anu bakal tumpur saupama teu diwariskeun ka generasi ngora salaku panerusna. Panalungtikan budaya daérah, mangrupa salah sahiji cara pikeun ngamumulé sastra lisan, anu satuluyna didokuméntasikeun dina wangun tinulis tur bisa dianalisis ajén sarta kaéndahan éstétis dina wangun katut eusina. Salah sahiji tarékahna ku cara ngayakeun panalungtikan di Kecamatan Kotabaru Kabupatén Karawang. Anu jadi objekna nya éta puisi buhun anu kagolong kana jinis mantra, nya éta asihan, jampé, ajian, rajah, singlar, jeung jangjawokan. Panalungtikan ieu pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis ajén-inajén anu aya di jero puisi mantra di

Kacamatan Kotabaru Kabupatén Karawang sarta pikeun dijadikeun bahan ajar maca di SMA kelas X.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana masalah dina panalungtikan ieu dirumuskeun nya éta:

- 1) Puisi mantra naon waé anu aya di Désa Pangulah Selatan Kacamatan Kotabaru Kabupatén Karawang?
- 2) Kumaha unsur intrinsik puisi mantra di Désa Pangulah Selatan Kacamatan Kotabaru Kabupatén Karawang?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun dijadikeun bahan ajar maca di SMA kelas X?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum nya éta pikeun nambahan bahan pangajaran basa Sunda di sakola. Salian ti éta pikeun méré informasi ngeunaan puisi mantra anu aya di Désa Pangulah Selatan Kacamatan Kotabaru Kabupatén Karawang.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan teh miboga tujuan saperti di handap.

- 1) Ngumpulkeun jeung ngadéskripsikeun puisi mantra di Désa Pangulah Selatan Kacamatan Kotabaru Kabupatén Karawang.
- 2) Nganalisis unsur intrinsik puisi mantra di Désa Pangulah Selatan Kacamatan Kotabaru Kabupatén Karawang.
- 3) Ngalarapkeun puisi mantra anu luyu pikeun bahan ajar maca SMA kelas X.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina panalungtikan ieu nya éta pikeun nambahan bahan pangajaran basa Sunda di sakola, sarta bisa nambahan élmu pangaweruh sastra hususna kana karya sastra buhun (puisi mantra) anu aya di Désa Pangulah Selatan Kacamatan Kotabaru Kabupatén Karawang.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis anu dipiharep dina ieu panalungtikan nya éta:

- a) ngeuyeuban *hasanah* sastra Sunda hususna ngeunaan puisi buhun;
- b) ngeuyeuban bahan pangajaran sastra buhun dina pangajaran basa Sunda ngeunaan aprésiasi sastrana;
- c) numuwuhkeun karep jeung karesep dina ngamumulé sastra buhun.

1.5 Raraga Nulis

Nyusun laporan mangrupa tahap anu pamungkas tina tahapan panalungtikan. Dina ieu skripsi sagala hasil panalungtikan dipidangkeun. Anapon sistematika dina nyusun ieu skripsi, nya éta:

- 1) BAB I : Bubuka medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga nulis.
- 2) BAB II : Medar ngeunaan konsép-konsép mantra jeung bahan pangajaran maca.
- 3) BAB III : Métode panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, desain panalungtikan, sumber data, wangenan operasional, léngkah-léngkah panalungtikan.
- 4) BAB IV : Medar ngeunaan déskripsi puisi mantra, unsur intrinsik puisi mantra, jeung nyusun bahan ajar maca di SMA kelas X.
- 5) BAB V : Kacindekan jeung saran.

Egi Praja Septian, 2013

STRUKTUR PUISI MANTRA DI DÉSA PANGULAH SELATAN KACAMATAN KOTABARU KABUPATÉN KARAWANG PIKEUN BAHAN AJAR MACA DI SMA KELAS X

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu